



BLUEPRINT FOR ENGLISH LANGUAGE LEARNERS (ELLS) SUCCESS

Misyon Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED an angle) Biwo Edikasyon Bileng ak Lang an Jeneral (OBE-WL an angle) se bay tout elèv nan Eta Nouyòk (NYS an angle), ansanm ak elèv k ap aprann lang angle (ELLs an angle), opòtinite pou yo gen siksè akademik nan pi wo nivo epi pou yo devlope konpetans nan lang. Nou fè efò pou nou bay chak elèv sa yo bezwen onivo akademik ak onivo sosyo-emosyonèl nan diferan lang pou nou prepare yo pou kolèj ak karyè. Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED) kwè tout pwofesè se pwofesè elèv k ap aprann angle.

Pou fè fas a chanjman ekonomi mondyal la, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED) apwouve Estanda Aprantisaj Pou on Baz Komen (CCLS an angle) pou bay elèv, edikatè ak paran yon seri repons klè sou preparasyon pou kolèj ak karyè. Pandan dizan ki sot pase yo, kantite elèv k ap aprann angle ki enskri nan lekòl piblik eta Nouyòk yo ogmante. Kounye a, nou gen yon popilasyon 214.378 elèv ki pale plis pase 160 lang. Pou elèv sa yo reyisi, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED) dwe bay lekòl yo sipò ki apwopriye, evaliasyon nan lang elèv la pale lakay li ak materyèl pou pwofesè yo kapab bay bon jan enstriksyon pou pèmèt elèv yo ranpli kondisyon estanda yo mande yo. Selon Pati 154 règleman Komisè a, biwo Edikasyon Bileng ak Etid Lang Etranjè (OBE-WL) afime li pa admisib pou nou kwè annik mete elèv k ap aprann angle nan yon anviwonman kote moun ap pale angle pral pèmèt elèv sa yo reyisi onivo akademik.

Estanda Aprantisaj Pou on Baz Komen (P-12) Depatman Edikasyon Eta Nouyòk egzije pou chak pwofesè gen fòmasyon pou yo anseye tout elèv, menm elèv k ap aprann angle, langaj akademik ak sijè ki konplèks yo. Tout pwofesè dwe konnen ki jan pou yo anseye elèv k ap aprann angle pandan elèv sa yo ap pran konesans epi y ap fè pwogrè nan aprann lang angle. Li nesèsè pou edikatè k ap anseye tout matyèl travay ansanm pou yo asire yo tout elèv yo ranpli kondisyon estanda yo mande yo.

Nou te pran san nou pou nou devlope prensip nou pral dekri yo kòm yon chapant pou tout eta a. Objektif prensip sa yo se klarifye pou administratè, responsab politik at praktisyen kondisyon ki nesèsè pou yo ka prepare elèv k ap aprann angle yo pou yo gen siksè, kòmanse depi nan lekòl matènèl. Prensip sa yo etabli fondasyon pou preparasyon pou kolèj ak karyè tou. Lòt objektif prensip sa yo se bay konsèy, resous ak sipò pou distrik, lekòl ak pwofesè yo epitou se pèmèt moun gen yon pi bon konpreyansyon ak yon pi bon apresyasyon de Edikasyon Bileng, Angle kòm Dezyèm Lang ak Edid Lang Etranjè.



BLUEPRINT FOR ENGLISH LANGUAGE LEARNERS (ELLS) SUCCESS

Men prensip ki gide plan pou elèv k ap aprann angle:

1. Tout pwofesè se pwofesè elèv k ap aprann angle e yo dwe planifye kòmsadwa:

- Yo dwe prepare leson e yo dwe prezante yo yon fason ki respekte kilti ak lang **tout** elèv, menm elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP an angle.)
- Yo dwe fè leson ki entegre lang ak matyè. Y ap sèvi ak aktivite ki konsantre sou langaj pou yo kore devlopman langaj. Pwofesè bileng, pwofesè angle kòm dezyèm lang ak pwofesè ki anseye lòt matyè dwe kolabore youn ak lòt sou yon baz planifye, yon baz regilye pou yo fasilite ranman akademik nan tout matyè yo.
- Yo dwe sèvi ak materyèl epi ak resous pedagogik ki apwopriye pou lang, laj/nivo klas, epi ki aliyen ak Estanda Aprantisaj pou on Baz Komen yo.
- Yo dwe kolabore ak pèsone sipò lekòl la epi ak resous kominotè pou yo fè elèv k ap aprann angle yo jwenn tou sa yo bezwen.

2. Tout konsèy administrasyon lekòl ak responsab distrik/lekòl yo dwe asire yo elèv k ap aprann angle yo jwenn sa yo bezwen onivo akademik, lengwistik, sosyal, emosyonèl:

- Yo dwe gen yon vizyon klè sou tout eleman ki fè elèv reyisi tankou gwo espwa pou elèv k ap aprann angle yo bay bon ranman akademik epi gen bon devlopman sosyo-emosyonèl. Yo dwe gen yon plan d aksyon byen planifye ki bay plizyè chemen ki mennen nan kolèj ak karyè. Sa va rive lè yo bay elèv k ap aprann angle yo yon bon jan kalite pwogram ki pèmèt yo jwenn sa yo bezwen.
- Yo dwe bay elèv k ap aprann angle yo bon jan kalite enstriksyon.
- Yo dwe aliyen ak koòdone resous fiscal ak resous imèn yo pou yo asire yo y ap aplike plan akademik lan kòmsadwa.
- Yo dwe bay pwofesè yo bon kalite sipò, sijesyon ak esplikasyon pou amelyore pratik pedagogik yo.
- Yo dwe pèmèt elèv yo aprann nan yon anviwònman sennesòf, ki pa mete pèsòn apa e ki respekte lang ak kilti tout elèv.
- Yo dwe asire yo tout responsab distrik ak responsab lekòl yo resevwa bon jan fòmasyon nan travay ak elèv k ap aprann angle pou yo devlope yon kilti kote yo atann yo pou elèv sa yo bay bon jan ranman.
- Yo dwe bay elèv ka p aprann angle epi ki gen andikap bon jan kalite ansèyman ak sèvis sipò ki mache ak Pwogram Edikasyon Endividyalize yo ansanm ak règleman edikasyon ki an aplikasyon an.



BLUEPRINT FOR ENGLISH LANGUAGE LEARNERS (ELLS) SUCCESS

3. Distrik yo ak lekòl yo ap bay tout elèv ka p aprann angle yon edikasyon ki apwopriye pou klas yo ye a, yon edikasyon ki mande efò entelektyèl ak yon edikasyon ki makonnen ak Fondasyon Eta Nouyòk etabli pou Prematènèl ak Estanda Aprantisaj pou on Baz Komen P-12:

- Yo dwe gen objektif byen presi pou kontni ak langaj.
- Yo dwe entegre ansèyman eksplisit ak ansèyman enplisit vokabilè ki baze sou rechèch.
- Yo dwe bay elèv yo opòtinite pou fè deba sou sa y ap aprann lan epi pou yo rezoud pwoblèm ak kondisip yo.
- Yo dwe sèvi ak pratik ki baze sou rechèch pou kore enstriksyon (egzanp, miltimedya, materyèl vizyèl, òganizatè grafik, elatriye.)
- Yo dwe bay elèv k ap aprann angle ki nan edikasyon espesyal e ki gen andikap sipò, sèvis, adaptasyon ak enstriksyon ki fèt espesyalman pou yo.
- Yo dwe planifye / chwazi / mete an aplikasyon bon jan kalite pwogram etid ki apwopriye pou elèv ki fenk kòmanse ap aprann angle epi ki kore *Fondasyon Prematènèl Eta Nouyòk pou on Baz Komen*,
http://www.p12.nysed.gov/ciaj/common_core_standards/pdfdocs/nyslsprek.pdf.
- Yo dwe sèvi avèk langaj akademik epi ak lòt sipò nan ansèyman matyè yo pou yo pèmèt elèv yo fè pwogrè nan lang. Y ap sèvi ak *Pwogresyon Bileng pou on Baz Komen Eta Nouyòk* yo pou yo fè sa.
<http://www.engageny.org/resource/new-york-state-bilingual-common-core-initiative>

4. Distrik yo ak lekòl yo ap rekonèt bilengis ak bialfabetizasyon se yon avantaj epi y ap bay elèv yo opòtinite pou yo gen yon So Bialfabetizasyon sou diplòm yo lè yo gradye ayskoul.

- Elèv yo dwe gen opòtinite pou yo patisipe nan aprantisaj lang oswa pwogram sipò pou lang ki pèmèt yo devlope konpetans nan lang angle ak lòt lang.
- Elèv yo dwe gen opòtinite pou yo itilize / devlope langaj akademik ak konesans ni nan lang angle ni nan yon lòt lang, tankou lang elèv la pale lakay li.
- Yo dwe gen yon pwogram Edikasyon Bileng solid pou elèv k ap aprann angle yo ka rive kenbe lang manman yo epi devlope konpetans nan lang angle a pou yo ka vin bialfabèt.
- Yo dwe gen lòt altènatif pou elèv yo lè pwogram edikasyon bileng nan lang yo pale lakay yo pa egziste nan yon distrik akòz pa gen anpil elèv nan ditrik la ki pale lang sa a.



BLUEPRINT FOR ENGLISH LANGUAGE LEARNERS (ELLS) SUCCESS

5. Distrik ak Lekòl yo apresye patisipasyon tout paran ak fanmi elèv k ap aprann angle kòm patnè nan edikasyon e yo dwe bay paran yo opòtinite pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo:

- Y ap bay paran yo resous ki pèmèt yo pran bon jan desizyon sou edikasyon pitit yo.
- Y ap bay paran yo tout enfòmasyon enpòtan sou dwa yo ak chwa diferan pwogram nan yon lang ak yon fòma yo kapab konprann epi ki fasilman aksesib.
- Y ap bay paran yo fòmasyon an angle ak nan lang yo pale lakay yo sou estrateji ki efikas pou aprantisaj pitit yo nan lekòl la oswa lòt kote.
- Y ap ankouraje paran pou yo patisipe aktivman, pou yo kontribye epi pou yo sèvi kòm lyezon kiltirèl nan kominote lekòl la.
- Y ap pataje avèk paran ansanm ak manm fanmi elèv k ap aprann angle yo gwo espwa lekòl la mete sou pitit yo epi ankouraje yo pousuiv espwa sa yo pou yo tounen reyalite.
- Y ap kolabore ak pèsònèl sipò lekòl yo ansanm ak òganizasyon kominotè pou imigran pou adrese divès pwoblèm fanmi elèv k ap aprann angle yo genyen.

6. Distrik ak lekòl yo ap sèvi ak espètiz pwofesè bileng, pwofesè angle kòm dezyèm lang, pwofesè lòt lang (LOTE an angle) ak pèsònèl sipò epi y ap ogmante kapasite moun sa yo:

- Y ap kreye opòtinite pou tout pwofesè kolabore nan planifikasyon enstriksyon, analize travay elèv epi devlope leson ki prezante yon defi entelektyèl pou elèv yo.
- Y ap bay tout pwofesè bonkou opòtinite pou yo patisipe nan devlopman pwofesyonèl ki anfòm, ki gen suivi e ki adrese pwoblèm elèv k ap aprann angle yo, tankou devlopman lang matènèl ak devlopman dezyèm lang.

7. Distrik ak lekòl yo ap sèvi ak lang elèv k ap aprann angle yo pale lakay yo, l ap sèvi ak kilti elèv yo epi ak sa yo konnen deja:

- Y ap konsidere lang elèv yo pale lakay yo kòm yon avantaj epi y ap sèvi avèk lang sa a pou yo fè koneksyon ant sa elèv yo konnen deja ak sa y ap aprann. Yo dwe asire yo sa elèv yo ap aprann lan gen sans epi elèv la konprann sa l ap aprann lan.
- Y ap sèvi ak lang epi ak kilti elèv k ap aprann angle yo pou ankouraje divèsite selon “Dignity for All Students Act” (Yon inisyativ Eta Nouyòk ki antre an aplikasyon an jiyè 2013)), <http://www.p12.nysed.gov/dignityact/>.



BLUEPRINT FOR ENGLISH LANGUAGE LEARNERS (ELLS) SUCCESS

8. Distrik ak lekòl yo ap sèvi ak zouti dyagnostik ansanm ak pratik evalyasyon fòmativ pou yo evalye konesans elèv k ap aprann angle yo nan diferan matyè ak nan devlopman lang yo pale lakay yo pou yo planifye enstriksyon:

- Y ap sèvi ak evalyasyon Eta a ansanm ak evalyasyon fòmativ.
- Y ap sèvi ak done Eta Nouyòk genyen sou konpetans nan lang (done ki soti nan egzamen Eta Nouyòk pou evalye nivo elèv nan dezyèm lang (NYSESLAT an angle) ak nan egzamen pou idantifye elèv k ap aprann angle (NYSITELL an angle) pou yo rive konprann ki kote elèv yo ye sou echèl devlopman lang lan ak ki jan pou devlope aktivite ki mache ak nivo konpetans elèv yo.
- Y ap sèvi ak evalyasyon reyèl ki mande pou elèv yo itilize yon langaj sofistike ki marye ak sijè ki reyèl e ki konplèks.
- Y ap sèvi ak zouti ki apwopriye pou yo evalye pwoblèm ak pwogrè elèv k ap aprann angle e ki gen andikap.
- Y ap sèvi ak ribrik analytik ki bay sijesyon sou konesans matyè yo ak sou devlopman lang.
- Y ap sèvi ak evalyasyon lang elèv la pale lakay li pou yo planifye enstriksyon ak pou yo montre pwogrè nan pwogram Edikasyon Bileng kote se ak lang yo pale lakay elèv la yo sèvi.